



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO PRAL LIMEN AN LÒ AN REKONESANS FÈT MANMAN AK FANMI GOLD STAR LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 13 moniman atravè New York ap limen avèk limyè an lò nan dimanch 24 septanm nan pou onore Fèt Manman ak Fanmi Gold Star (Gold Star Mother's and Family's Day) la.

"Se obligasyon solanèl nou pou nou sonje ak komemore lavi sila yo ki te sakrifye tèt yo pou sèvi eta ak nasyon nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan dimanch, nou onore fòs fanmi ki te pèdi pwòch yo epi nou remèsye yo paske yo te prezève eritaj ewo ki te tonbe nan New York yo".

Chak ane, dènye dimanch mwa septanm lan konsakre pou onore Manman ak Fanmi Gold Star ki te pèdi pwòch yo pandan moman konfli yo. Tradisyon dat "Gold Star" yo nan Premye Gè Mondyal la, senbolize sakrifis final ki te fèt nan sèvi peyi a. Kòm yon omaj sensè, kapital eta yo atravè nasyon an eklere bilding ak moniman yo an lò nan jou sa a.

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- One World Trade Center
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Lè Eta New York rekonèt bezwen pwofon Paran Gold Star yo, Eta New York te etabli pwogram enpòtan pou asire sipò ak swen kontinyèl. Pwogram Anwite Paran Gold Star la ak Bousdetid MERIT la kanpe kòm poto asistans pou moun ki pèdi pwòch yo nan sèvis. Efò kolaborasyon Eta a ak òganizasyon Gold Star ak Òganizasyon Sèvis Veteran Konte lokal yo asire ke sansibilizasyon ak aksè a pwogram sa yo gaye toupatou.

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Manman ak Fanmi Gold Star yo konprann siyifikasyon lespri byenveyan, prezève eritaj pwòch yo ki te fè sakrifis final la pou Eta ak Nasyon nou an. Se devwa ak privilèj nou pou nou ba yo pi wo nivo sipò, yon angajman nou kontinye kenbe avèk onè".

Sipò pou Paran Gold Star yo

Pou moun k ap chèche sipò oswa enfòmasyon sou Anwite Paran Gold Star ak Bousdetid MERIT la, Konseye Benefis Veteran ki soti nan Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services, DVS) Eta New York yo pare pou ede. Ou ka pran randevou lè w rele 888-838-7697 oswa ale sou [sitwèb](#) yo a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)